



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU AMELYORE AKSÈ AK BISIKLÈT
AK PYETON NAN PON MTA YO AK NAN ESTASYON PASAJE YO**

***Lejislasyon S.4943B/A.6235 egzije pou MTA a devlope yon plan pou pwomote
aksè pou siklis ak pyeton sou pon yo ak nan estasyon pasaje yo***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S.4943B/A.6235 ki egzije pou Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an devlope yon plan estratejik pou pwomote aksè pou siklis ak pyeton yo sou pon li yo ak nan estasyon pasaje li yo epi egzije pou MTA a konsidere aksè ak bisiklèt ak pyeton nan plan kapital li yo.

"Transpò piblik nan New York ta dwe akeyan, san danje epi aksesib pou siklis ak pyeton yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon ki pral elaji aksè ak transpò piblik, kèlkeswa jan w chwazi pou w deplase a. Nouvo lwa sa a pral rann MTA vin pi aksesib a pye epi ak bisiklèt, yon etap enpòtan nan amelyore sistèm transpò piblik nou an."

Lejislasyon S.4943B/A.6235 egzije pou MTA fè plan sa a pou ankouraje aksè ak pou monte bisiklèt ak pyeton sou pon MTA yo, pakin bisiklèt nan estasyon tren MTA ak tren banlye yo, ak aksè bisiklèt abò ekipman MTA. Dapre lejislasyon an, Konsèy Banlye Long Island Rail Road Wout Ray Long Island lan, Konsèy Banlye Ray Metro-North la, ak Konsèy Otorite Transpò Vil New York pral etidye aksè pou bisiklèt ak pyeton epi bay MTA rekòmandasyon konsènan yo menm.

Senatè Alessandra Biaggi te deklare, "Jodi a, Eta New York ap franchi yon etap istorik pou devlope fòm transpò ki pi pwòp epi ki pi aksesib pou pasaje yo atravè Vil New York. Pwojè Lwa Aksè ak Bisiklèt (Bike Access Bill) MTA a pral finalman konekte tout senk minisipalite yo ak liy bisiklèt ki an sekirite sou pon MTA epi pwomote pou yo monte bisiklèt nan chak kwen vil la, enkli isit la nan Bronx. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sa a epi li priyore pou ekspansyon aksesibilite bisiklèt nan Eta New York. Viktwa sa a pa t ap posib san devouman ak patenarya Jessica González-Rojas, ki se Manm Asanble a, ak defans san fay ki soti nan men antite k ap defann pou monte bisiklèt yo tankou Bike New York ak StreetsPAC."

Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas, te deklare, "Pandan pik pandemi an, nou te wè siklis ogmante a 33% ki vle di prèske yon milyon Nouyòkè ap monte bisiklèt.

Ogmante aksè pou pyeton ak siklis yo nan pon MTA yo bon pou sante piblik la ak bon pou anviwònman an. Pou New York reprann li yon fason adekwa, nou dwe pote vwa siklis yo sou tab la lè MTA ap devlope plan kapital yo. Mwen vle remèsye Senatè Biaggi paske li te travay avèk mwen sou pwojè lwa sa a ak Gouvènè Hochul paske li te siyen li an lwa. Sa ki pi enpòtan, mwen remèsye Bike New York, Streets PAC, Transportation Alternatives, ak tout defansè ki rekonèt ke adrese ekspansyon bisiklèt la nan New York se yon pati nan fason nou rebati pi byen."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)